# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–02 अक्टूबर 2024** **भोजपुरी समाचार**

राष्ट्रपिता महात्मा गांधी अउर पूर्व प्रधानमंत्री लालबहादुर शास्त्री क जयंती आजु प्रदेस भर में हंसी खुसी मनावल जा रहल हौं। येह मौका पर कई गो सैक्षणिक संस्थान सामाजिक अउर राजनीतिक दलन के ओरि से संगोष्ठी स्वच्छता अभियान अउर सरधांजलि कार्यक्रमन का आयोजन कइ के दुन्नों महान विभूतियन के नमन कइल जा रहल हौ। येह मौका पर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ लखनऊ के जीपीओ में उनके मुरति पर फूल चढ़ा के सरधांजलि दिहलें। ओकरे बाद क्षेत्रिय गांधी आश्रम में आयोजित कार्यक्रम में सामिल भइले। श्री योगी कहलें कि राष्ट्रपिता महात्मा गांधी आजादी क महानायक रहलें। महात्मा गांधी क ओरि से राष्ट्र अउर मानवता खातिर कइल गइल उनके योगदान बदे देस कृतज्ञयता जता रहल हौ। येहि क्रम में मुख्यमंत्री पूर्व प्रधानमंत्री लाल बहादुर शास्त्री के जन्मदिन के मौका पर शास्त्री भवन पहुंच के उनके मुरति पर माला चढ़ा के ओन्हें भावभीनी सरधांजलि दिहलें। येह मौका पर बनारस, गोरखपुर, आजमगढ़, लखनऊ श्रावस्ती, अयोध्या, कुशीनगर, चंदौली, मिर्जापुर, उन्नाव अउर जौनपुर के सथहीं अउरियों जिलनों में गांधी जयंती अउर शास्त्री जी के जयंती पर कई गो कार्यक्रम क आयोजन कइल गइल।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ बिहने सारदीय नवरात्र क प्रतिपदा पर गोरखनाथ मंदिर में दुर्गा सक्ति मंदिर में कलस क स्थापना करिहें। एकरे सथहीं दस दिन्न ले चले वाला खास अनुष्ठान सुरू हो जाई । येह महापरब में दस अक्टूबर के मुख्यमंत्री महानिसा पूजन अउर हवन आ ग्यारह अक्टूबर के कन्या पूजन कार्यक्रम में सामिल होइहें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लोकभवन सभागार मे आयोजित भइल पखवाड़ा संगोष्ठी के संबोधित कइलें। येह दौरान मुख्यमंत्री आर बालासुब्रमनयम के ओरि से लिखल गइल किताब पॉवर विदिन द लीडरशिप लीगेसी ऑफ नरेन्द्र मोदी से जुड़ल बुन्दुअन पर चर्चा कइलें। श्री योगी कहलें कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी क निजि जीवन अनुसासन अउर सादगी से भरल हौ। सामान्य नागरिक अउर कार्यकर्ता के रूप में उहां के सून्य से जतरा सुरू कइलीं।

**********

प्रदेस के मुजफ्फरनगर क रहे वाला दलित छात्र अतुल कुमार के आईआईटी धनबाद में प्रवेस दियावे बदे प्रदेस सरकार पहल कइले हवे। प्रदेस के छात्रवृत्ति के योजना के तहत समाज कल्याण विभाग अतुल क आईआईटी में लगे वाला पूरा फीस के स्कॉलरसिप के जरिया से देई। मुजफ्फरनगर के अतुल कुमार क आईआईटी धनबाद में प्रवेस फीस जमा न होने के नाते रूकि गइल रहे। परिवार सज्जो कोसिस कइले के बाद सर्वोच्च न्यायालय क रूख कइलसि। सुप्रीम कोर्ट के हस्ताक्षेप अउर मामिला के मुख्यमंत्री के संज्ञान में आ गइले के बादि सरकार छात्र क पूरा मददि कइले क निर्णय लिहले हवे।

**********

जमैका क प्रधानमंत्री एंड्रयू होलनेस आजु बनारस के सारनाथ क भ्रमण कइलें। येह दौरान ओनके साथे प्रदेस क राज्यपाल आनंदीबेन पटेल, प्रदेस क संसदीय कार्य अउर जिला क प्रभारी मंत्री सुरेश खन्नो मौजूद रहलें। मेहमान प्रधानमंत्री सारनाथ में पुरान खंडहर संग्रहालय अउर स्तूप देखलें संग्रहालय में मौजूद राष्ट्रीय प्रतीक अशोक स्तंभ के देख के प्रधानमंत्री एंड्रयू होलनेस ऐकरे बारे में उत्सुकता देखवलें अउर जनकारी लिहलें।

**********

अजोध्या धाम में रामलला क दरसन अउर आरती के समय में नवरातन के मौका पर बदलाव कइल गइल हौ। श्रीराम जन्मभूमि तीर्थ क्षेत्र ट्रस्ट क सदस्य डाक्टर अनिल मिश्र बतउलें कि मंगल आरती भिन्नहीं चार बजे के जगह पर साढ़े चारि बजे, श्रृगांर आरती भिन्नहीं छौ बजे के जगहि पर साढ़े छौ बजे अउर शयन आरती राति दस बजे के जगहि पर साढ़े नौ बजे होई। राम लला क दरसन भिन्हीं साढ़े छौ बजे की जगहि पर अब सात बजे से होई। ओहां के बतउलिन के दुपहरिया साढ़े बारह बजे से डेढ़ बजे ले मंदिर बन्न रहि। दुपहरिया डेढ़ बजे से राति नौ बजे ले दरसन होई।

**********

ज्ञानवापी मस्जिद में वुजूखाने का भारतीय पुरातत्व सर्वेक्षण एएसआई से सर्वे करावे क मांग के लेके दायर पुननिरीक्षण याचिका पर हाईकोर्ट याची के अधिवक्ता के पहिले करावल गइल सर्वे क रिर्पोट दाखिल कइले क निरदेस दिहले हवे। मामिला क अगिला सुनवाइ अब बाइस अक्टूबर के होई। काल्हि न्यायमूर्ति रोहित रंजन अग्रवाल क पीठि में राखी सिंह के ओरि से दाखिल याचिका पर सुनवाई भइल।

**********

पितृ विसर्जन पर आजु लोगि सरधा के साथे अपने पुरखों का श्राद्ध, पिंडदान अउर तरपन कइ के ओन्हे विदाई देहलें। अपने पुरखों का पिंडदान कइले बदे लोगि भिन्नहिये ले बनारस के गंगा तट पर सिंधियाघाट, दशाश्वमेधघाट, मीरघाट, अस्सीघाट के सथहीं विमल तीरथ पिशाच मोचन कुण्ड पर पहुंचलें। लोगि आपन सर मुंडा के गंगा अउर कुण्ड में डुबकी लगवलें अउर श्राद्ध कर्म कइलें।

**********